



**IJAMBO RISHIKIRIJWE N'UMUKURU W'UMUGWI W'IGIHUGU USHINZWE
GUTOHOZA UKURI NO KUNWANISHA ABARUNDI KU MUSI WO
GUSHIKIRIZA ICEGERANYO C'IVYARANGUWE MU MWAKA WA 2020
IMBERE Y'ABASHINGAMATEKA N'ABAKENGUZAMATEKA**

BUJUMBURA, KIGOBE, IGENEKEREZO RYA 07 NZERO 2021

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka y'Uburundi,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka,
Banyakubahwa Bakenguzamateka,
Banyakubahwa mwese mwitavye bino bikorwa umwumwe wese mu cubahiro Imana yamuhaye,
Bahanuzi bakuru mushinzwe amabanga atandukanye mu Nama Nshingamateka na Nkenguzamateka,
Batumire bahire,
Bashingantahe, Bapfasoni,*

Tugire amahoro!

Tugire ubumwe, ubutungane n'iterambere kuri bose!

Uyu musu uri hejuru, Umugwi CVR ushinzwe gutohoza ukuri no kunywanisha Abarundi, uramutse ushikiriza Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka icegeranyo c'ibikorwa washoboye kurangura mu mwaka wa 2020 waraye urangiye.

Ibirori nk'ibi birahimbaye kandi birahambaye kuko biha umwanya mwiza Umugwi CVR kwerekana intambwe ugezeko n'intambanyi ufise mukurangura ubutumwa igihugu cawushinze.

Kw'izina ry'abo dusangiye ibanga no kw'izina ry'iwanje nyene, mudukundire tubanze gushimira Imana yadushikanye ngaha uno musu; ikaduha kandi umwanya mwiza wo kwicara imbere y'abatowe n'abenegihugu.

Twicaye ngaha dushima hamwe n'abandi Barundi benshi ku vyiza Imana ikorera Uburundi n'ababubamwo bose. Mukwereka iyo Mana ko tuyishimira kandi tuyubaha, mumfashe twese tuyikomere amashi.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,*

Umwaka wa 2020 waraye urangiye mu mahoro no mu mutekano. Muri uwo mwaka nyene, amatora igihugu categorye gikoresheje uburyo buvuye mu benegihugu yagenze neza cane. Ico kimenyenyetso c'Imana cibukije Abarundi ko ahari ishaka, gukunda igihugu n'urukundo mu bantu vyose bishoboka. Ico kimenyenyetso kandi cibutsa Abarundi ko "agatirano kaza imvura ihise". Abandi bati: "Uzera ingeyo kure ukabandwa rigiye".

Muri uwo mwaka twaraye twikebanuye, twibukanye ko Imana yasubiye ku vyayo muguhamagara Sogokuru wacu, Nyenicubahiro Petero Nkurunziza, umwigisha adasanzwe mu kwereka Abarundi, abato n'abakuze, akamaro ko gukunda no kwigura igihugu.

Mukundire twese duhaguruke, tumwibuke iminota ibiri kuko yakoreye ivyiza vyinshi igihugu cacu. (Guhaguruka).

Murakoze.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka,
Banyakubahwa Bakenguzamateka,
Bashitsi bahire,
Bashingantahe,
Bapfasoni,*

Amahoro n'umutekano vyaranze igihugu uyu mwaka waraye urangiye ni vyo vyatumye uyu Mugwi CVR uja ku kivi mu gihugu hagati. Uyu Mugwi warashigikiwe n'inzego z'igihugu, kuva kuzo hejuru gushika ku nzego z'intango. Uyu Mugwi warakoranye cane n'abarongoye Intara, Amakomine n'Imitumba.

Turashimiye cane Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu yashitse kuturaba ku kivi igihe twari ku Ruvubu muri Komine Shombo, mu Ntara ya Karusi.

Twarashigikiwe n'inzego z'umutekano n'inyamiramabi. Twaragendewe, twongera turashigikirwa n'Abakuru b'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka, abagize Reta y'Uburundi, abarongoye amashengero n'amadini, abarongoye imigamwe, n'Abarundi benshi banyotewe ukuri kwofasha igihugu cacu kubohoka.

Twarashimye cane ingene abamenyeshamakuru batwitaba; bakadusanga ku kivi kugira bibonere bo nyene ibikorwa vyo gushira ahabona ivyanyegejwe kandi bikazingamika igihugu imyaka irenga mirongo itanu.

Uburundi buri mu rugendo rw'amahoro; buri mu bikorwa vyo gushira ahabona ukuri kubohora benshi; ukuri kubwira abakuze n'abato ko hariho mu gihugu cacu abacumuye ku Mana no ku bantu.

Abarundi bamwebamwe muri twebwe baracumuye kuri benewabo hanyuma biba nk'akamizwe n'ingoma. Bica bituma haba iri zinguzingu ry'ubwicanyi ryatanguye kuva mu 1960 gushika uno musi ritigeze rihera kubera ivyakozwe biguma bipfukerewe, ntivyavugwa gutyo n'ababikoze baguma bagira amayeri yose kugirango ntivyigere bija ahabona.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka y'Uburundi,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka,
Banyakubahwa Bakenguzamateka,*

Uyu mwaka turangije w'ibikorwa wa 2020, Umugwi CVR ushikirije icegeranyo kigizwe n'ibitabo 6 bikuru bikuru:

- (a) Igitabo ca mbere kigize umutima w'iki cegeranyo kigizwe n'impapuro 274.

Kirimwo ibice bikuru 12 vyerekana bikongera bigasigura ibi bikurikira:

- Amamuko yo guhonyanga agateka ka kiremwa muntu vyashikiye Uburundi mu 1972;

- Ingene ubwicanyi bwateguwe: cane cane hakagaragara uruhara rwa Reta n'inzego z'intwano na gisirikare vy'ico gihe;
- Ingene abahonyanze agateka ka kiremwa muntu bakora;
- Ububisha bukurubukuru bwibonekeje mu gihugu n'abaronderwa gufatwa no kwicwa abo aribo;
- Imigwi mikuru y'Abarundi bafatwa bari bande? Bakora iki?
- Abashoboye kurokoka vyagenda gute?
- Abakijije abandi babitumwa n'iki?
- Inkurikizi z'ubwo bwicanyi mu gihugu no mu miryango;
- Ingene Umugwi CVR watohoza ukongera ugategura ibinogo vyatawemwo abishwe mu 1972;
- Ingene ibisigarira bimaze gutorwa n'ibindi vyatowe mu binogo bibitswe;
- Ikibazo co gushumbusha abahuye n'ivyago mu 1972 kimeze. Kivugwa gute n'ababuze?
- Ibindi bikorwa Umugwi CVR waranguye mu kubonana n'inzego zitandukanye zikorera mu gihugu.

Ico gitabo gikuru kirerekana kandi mu mpera ivyipfuzo Umugwi CVR ushikiriza inzego zitandukanye ziri mu gihugu; hamwe n'ingene Umugwi ubona ibikorwa bizokorwa mu mezi ari imbere uyu mwaka wa 2021.

Iki gitabo giheza cerekana:

- (a) Abishwe Umugwi CVR umaze kumenya no kumenyeshwa mu mitumba 14 ya Komine Vugizo;
- (b) Abo Umugwi CVR umaze kumenya bishwe mu 1972 mu gihugu hagati hegereye Intara ya Gitega;
- (c) Igitigiri mfatakibanza c'abasirikare bishwe mu bwicanyi bwo mu 1972;
- (d) Igitigiri mfatakibanza c'abakozi ba Reta bishwe mu 1972 mu gihugu hagati hegereye Intara ya Gitega;
- (e) Igitigiri mfatakibanza c'abanyagihugu bisununuye bishwe mu 1972;
- (f) Igitigiri mfatakibanza c'abanyamahanga bishwe mu kiyaya c'Imbo mu bwicanyi bwo mu 1972;
- (g) Igitigiri mfatakibanza c'abashoboye kurokoka muri ubwo bwicanyi bwo mu 1972 aho Umugwi CVR umaze gukorera;
- (h) Igitigiri mfatakibanza c'abanyeshure bo muri Kaminuza bishwe mu bigo vya Kaminuza i Bujumbura n'i Zege i Gitega mu myaka ya 1995-1996;
- (i) Igitigiri mfatakibanza c'abantu Umugwi CVR umaze kwumviriza mu gihugu hagati hegereye Intara ya Gitega;
- (j) Urutonde mfatakibanza rw'abantu Umugwi CVR umaze kwumviriza mu Ntara ya Makamba;
- (k) Urutonde mfatakibanza rw'abantu Umugwi CVR umaze kwumviriza mu Ntara ya Rumonge.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka y'Uburundi,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,*

Iki gitabo twita umutima w'ibikorwa Umugwi CVR waranguye uyu mwaka waraye urangiye kirafise ibitabo bitanu vy'amafoto bigiherekeza; ibitabo vyerekana neza aho CVR yaciye ikongera igakorera; ibitabo vyerekana ibisigarira vy'abishwe bagatabwa mu binogo n'ibindi bitandukanye vyatowe muri ivyo binogo nyene.

Umugwi CVR wibutse kandi Abarundi n'amakungu ko hari abantu bishwe bagatabwa mu nzuzi, mu mashamba no mu matongo hirya no hino. Hariho mu gihugu n'ibinogo vyatawemwo abishwe mu 1972 hamaze kubakwa inzu za Reta zikomeye canke z'abigenga.

Ivyo bitabo bitanu bigizwe n'amafoto bifise vyose hamwe impapuro 510.

Ivyo bitabo vyashikirijwe inzego nkuru z'igihugu nk'uko ibwirizwa ribidusaba kuko birimwo amakuru ahambaye izo nzego zizobanza kwiga ziri hamwe.

Hariho n'igitabo cahawe Abashingamateka n'Abakenguzamateka; igitabo c'impapuro 50 gitanga impfunyapfunyo y'icegeranyo c'ivyakozwe n'Umugwi CVR mu mwaka wa 2020.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,*

Murashobora kwibaza muti none Umugwi CVR wakoze iki? Wakoze gute? Washitse ku ntambwe nk'iyu bigenze gute?

Uyu Mugwi mukurangura ubutumwa wisunze cane cane ingingo ya gatandatu iri mw'ibwirizwa ryo muri Munyonyo 2018 itomora ibikorwa CVR ishinze. Ivyo bikorwa Umugwi CVR ushinze navyo ni nk'ibi:

- Gutohoza no kwerekana ukuri ku mabi adasanze yasinzikanje agateka ka zina mu muntu mu Burundi duhereye mu mwaka 1885 gushika mu mwaka wa 2008;
- Kwerekana ababikoze canke inzego za Reta canke imigwi y'abigenga canke amashirahamwe yoba abifisemwo uruhara;
- Kwerekana uruhara rwa Bakavamahanga mu makuba yashikiye igihugu;
- Gusigura no kwerekana ibimenyetso n'ibihe vyafashije gutegura ayo makuba;
- Kwerekana ahari ibinogo vyatawemwo abishwe n'ibindi bibanza vyose vyatawemwo abishwe bitazwi n'amategeko;
- Kurondera no kwegeranya ibisigarira vy'abishwe mu kurindira ko inzego z'igihugu zibishingurana iteka ukuri kumaze kumenyekana;
- Hamwe n'ibindi bikorwa bitandukanye bisubiza iteka abakazwe; bikongera bigashigikira ukuri kunywanisha Abarundi;
- Guterera mu gufasha kwandika kahise k'igihugu gahurirako benshi.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,*

Ivyo Umugwi wakoze uyu umwaka uheze vyaraye bitweretse ko hari Abarundi batanguye kwiyugurura; bavuga ivyo bazi, ivyo babonye canke vyabashikiye.

Uwo mwizero dufise Umugwi CVR wawuboneye mu Ntara umaze imisi ukoreramwo. Aho twakoreye hari ibinogo vyatawemwo abishwe, twagenda duha ijamba abenegihugu, abapfakazi n'impfuyi. Uyu musu rero twaje kubereka isemo Umugwi CVR ugezeko. Iyo semo yavuye mu buhinga twakoresheje mu kwegera Abarundi n'Abarundikazi tubayagira ikitugenza. Ukuri kuvugwa n'uwukuzi canke yakubonye.

Ivyo Umugwi wakoze uyu umwaka uheze si bike ariko mu ncamake turashobora kuvuga bikuru bikuru bine:

- 1) Umugwi CVR wararondeye wongerera urafurura ibinogo vyatawemwo abishwe. Mu Ntara ya Karusi warashoboye gufurura ibinogo 8 vyavuyemwo ibisigarira vy'abishwe 7348. Aho ni ku Ruvubu, ku mutumba Bukirasazi muri Komine Shombo, mu Ntara ya Karusi.

Mu Ntara ya Gitega, Umugwi CVR warafuruye ibinogo 11 vyavuyemwo ibisigarira vy'abishwe 3630. Ibinogo vyatowe i Mashitsi, i Nyabunyovu, i Mutobo no ku ruzi Nyambeho muri Komine Giheta.

Mu ntara ya Makamba Umugwi CVR wafuruye ibinogo 34 vyavuyemwo ibisigarira vy'abishwe 1680.

Mu ntara ya Rumonge Umugwi CVR wafuruye ibinogo 16 vyavuyemwo ibisigarira vy'abishwe 813.

Mu Ntara ya Ngozi Umugwi CVR wafuruye ibinogo 7 vyavuyemwo ibisigarira vy'abishwe 113 muri Ndurumu; na 23 vy'abishwe muri Marangara nyene ahitwa Burenge.

- 2) Mu bikorwa Umugwi CVR washoboye gukora muri uyu mwaka, nk'uko duhejeje kubibashikiriza, twarumvirije ivyabona bishika ku 377, abo bakaba bumvirijwe mu Ntara zose Umugwi wakoreyemwo. Muribo harimwo abahutu n'abatutsi ; ababikoze n'ababikorewe ; abakenyezi n'abagabo akaba ata n'umwe yari musu y'imyaka 58 y'amavuka.
- 3) Umugwi CVR kandi waragize ingendo zitandukanye hagati mu gihugu uvugana n'Abepiscopi katolika, uravugana n'abajejwe intwari, inzego z'umutekano n'izagisirikare.
- 4) Umugwi kandi warakoze ibikorwa vyo kumenyekanisha ivy'uriko urakora biciye mu kinyamakuru cawo « Bulletin de la CVR », mu bimenyeshamakuru, mu mboneshakure biciye mu biganiriro wagiye uratunganya n'abamenyeshamakuru.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa mwese,*

Kugirango dushobore kurangura ivyo bikorwa vyose, uyu mwaka waraye urangiye, uyu Murwi CVR wararonse imbono.

Umugwi wakoze wisunze ibiri mu ngingo ya 6 y'itegeko rigenga uyo Mugwi; iyo ngingo nayo ikaba itomora neza ubutumwa bw'Umugwi. Namaze kubivuga.

Mukugira kandi ukore neza, Umugwi CVR warihaye ihangiro y'ibikorwa uzorangura muri uyu mwaka. Waranditse igitabo c'ibikorwa ingene bikwiye gukurikirana (Plan d'Actions stratégique); uribaza ingene wokora (Approche méthodologique) n'ivyago vyahekuye Abarundi ukwiye guherako.

Ibikorwa vyakoze n'Umugwi, vyacye mu nama n'ingingo aho abagize Umugwi baza baraja hamwe bagatunganya ibikorwa; hakaba n'inzandiko zitunganya ivyo bikorwa, maze umwe wese agahabwa icyo akora, hanyuma hakaba inama yogushira hamwe tuvugana ingene twokosora ibitagenge neza.

Harabayeho kandi gukorana n’abenegihugu, abajejwe intwaro n’umutekano, abihebeye Imana bo mu madini atandukanye; hanyuma ibikorwa biriko birakorwa bikaza biramenyekanishwa biciye mu mboneshakure n’ibimenyeshamakuru bitandukanye.

Abamenyeshamakure barerekana igihe cose aho tugiye gukorera, bakabona ibinogo tugiye gufurura; hanyuma duhejeje tukabatumako tubereka ivyavuye muri vya binogo; maze nabo bakavyereka Abarundi n’amakungu. Igihe cose ibikorwa vyasozerwa n’igisabisho twari twise “Messe bilan”. Naco cahuriramwo abanyamashengero bose, abajejwe intwaro n’umutekano, Abashingamateka n’Abakenguzamateka.

Mugushira ahabona ibisigarira vy’abishwe, Umugwi CVR wakoresha abakozi bavuka kandi baba aho waba ugiye gukorera. Abo bakozi batorwa hubahirijwe ivy’amoko n’ibitsina. Kubera yuko ico gikorwa co kuzura ibisigarira kitoroshe, ababikoreramwo barahabwa inyigisho ku musu ku musu z’ingene bokwifata hanyuma bakanakurikiranwa n’abahinga bacu muvuye guhahamuka, kuko abenshi bakoreye muri ivyo bikorwa, ntibabonwa neza mu kibano, baca batangura kubanena. Ibikorwa vya misi yose vyatangurwa bigasozerwa n’igisabisho.

Uko Umugwi wagenda urashira ahabona ibisigarira vy’abishwe, niko wagirako ubaza n’ababibonye (séances d’audition et de témoignages) canke abo vyakozeko bakiriho kandi bemeye kuvuga ivyo babonye.

Abagize Umugwi barakora indwi zibiri ku rubuga hanyuma bagasubira mu miryango no ku biro kugira bagire indinganizo nshasha.

Uko indwi iheze, abari ku rubuga barahura bagahanahana ivyiyumviro bakongera bakaruhurira umutwe kuko kubona amagufa y’abishwe n’ukumviriza amagorwa yashikiye ababuze biremereye cane.

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,*

Kubera y’ uko amagume yahekuye Uburundi n’Abarundi yabaye mu biringo vyinshi, Umugwi CVR wihaye intumbero yo gukorera ku kiringo kimwe kimwe ukwaco. Uyu mwaka ukaba cane cane wakoreye ku mabi yabaye mu gihugu mu 1972; ariko warakoreye no ku yandi mabi yabaye mu gihugu aho wagiye uratumwako n’aba na bariya kubera ivyo batoye hirya no hino.

Ni kuki Umugwi CVR washimye gutangura gutohoza ku bw’icanyi bwabaye mu 1972? Ico kibazo benshi baracibaza bakongera bakakitubaza mu Mugwi CVR.

Imvo ya mbere

Turi kumwe n’abo dusangiye ubutumwa twasanze twohera ku bw’icanyi bwahekuye Abarundi n’imiryango myishi bwo 1972. Ubwo bwicanyi, nta Ntara butashitsewo! Igipfungu cabwo cazitiye igihugu cose; umucanwa urarandagata; amaraso y’inzirakarengane araseseka. Abantu benshi bishwe bamwe bagatabwa mu binogo, bagenda ataco binona; bazi ko bagiye mu nama z’amahoro kuri Komine, Kuri Arrondissement canke ahari icicaro c’Uburungozi bw’Intara. Benshi barijana; canke bakayoborwa n’umuntu umwe canke babiri. Ntibigera biyumvira ko bafise isango n’urupfu ruzobashorera gushika mu binogo aho bicwa bagafurirwa n’imashini bagerekeranye nk’amatafari yubaka inzu.

Imvo ya kabiri

Ni uko ivyabona, baba abapfakazi, impfuyi, ababuze, aboba barabikoze mbere n’ababonye bimwebimwe mu vyabaye bariko barakura. Benshi muri bo baramaze kwitaba Imana; abandi bishwe n’akabonge, intuntu, amaganya n’ubukene butagira izina.

Umugwi CVR washimye rero gutangura gukorera ku bw’icanyi bwo mu 1972 bwadometse bugatongora igihugu cose; cane cane kugira Umugwi ushobore kwumviriza ivyabona vyoba bikiriho.

Intambwe ishimishije imaze kuboneka, Umugwi uzokora; uzokwegeranya ivyabaye n’ingene vyagenze; hanyuma usome amategeko y’igihugu na mpuzamakungu, utomere ingene ivyabaye mu 1972 vyokwitwa (bimwe vyitwa “qualification juridique des faits”).

Uwo Mugwi uzoca ubandanya wige wongere utohoze ivyerekeye ubwicanyi bwo mu 1988; bimwe benshi bakunda kwita “ubwicanyi bwa Ntega na Marangara”.

Ariko muri bike Umugwi CVR umaze gutohoza, ubwo bwicanyi bwarasatse inganda no mu yandi Makomine yegeranye na Ntega na Marangara.

Abarundi bari barabuze ijambo; ubu baratanguye kwegera Umugwi CVR. Nibo batubwira ivyabaye ku mitumba iwabo; nibo bereka abakozi b’Umugwi CVR ahari ibinogo bibuka kandi babonye vyatawemwo Abarundi n’Abarundikazi b’inzirakarengane.

Ku mitumba imwe imwe Umugwi CVR umaze gukorerako nko mu Ntara ya Makamba, hoho batubwira n’amazina y’abatawe muri ivyo binogo bitandukanye.

Uyu Mugwi umaze gukutsa ikivi cerekeye ubwicanyi bwo mu 1988, uzoca utangura gutohoza ivyashikiye Uburundi mu 1993, aho Umukuru w’igihugu Melchior Ndadaye yatorwa agaca agandagurwa; hagakurikira ubwicanyi mu gihugu budasanzwe, bwahitanye Abarundi bava mu bwoko no mu miryango itandukanye.

Ariko munkundire tubwire Abarundi n’amakungu ko Umugwi CVR umaze gutohoza ku bwicanyi n’uruhagarara rwahekuye imiryango mu 1965; mu 1969; uruhagarara rwabaye mu 1971, ivyo inyandiko nyinshi zita “Affaire Ntungumburanye”.

Imanza zaciwe zikarigita abantu benshi bazira ubusa, CVR izozicarira kandi yaratunguye ikoresheje abahanga bize ivyerekeye amategeko n’akahise (les experts juristes et les historiens).

Uyu Mugwi kandi wasabwe kuraba ivyabaye kuva mu 1885, ku ntwaro ya Bakavamahanga gushika mu mwaka wa 2008.

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka mwese,
Banyakubahwa Bakenguzamateka mwese,*

Nk’uko muvuyibonera na mwebwe nyene, uyu mwaka Umugwi CVR warashigikiwe; Umugwi CVR waragerageje kuba “CVR Nkozi”. Twararonse inkuru zidasanzwe z’ibishingantahe zivuye mu bapfakazi, mu mpfuyi, mu basirikare bakukurutse, abacamanza bakukurutse, n’abandi Barundi bafise

ivyo babonye canke vyabashikiye mu myaka ya 1972-1973. Ariko abazi amakuru bose ntibararonka akanya keza ko kubishikiriza.

Ivyo batuyagiye ni vyinshi cane. Birimwo ukuri kw'inshi guteye ubwoba kandi kubabaje.

Ivyo babwiye Umugwi CVR bizovamwo mu mezi ari mbere igitabo kinini c'impapuro zishika ibihumbi bitatu (3000 pages). Ico gitabo ndiko ndavuga Umugwi CVR uracagitosora. Kirashobora kwitwa “Livre des témoignages sur les violations massives des droits de l’homme au Burundi en 1972-1973”.

Muri ico gitabo kizosohoka mu mezi ari imbere, abapfakazi n'impfuyi baravuga ivyo bacyemwo amosozi agakoroka. Ivyo tuyita “auditions”, canke “témoignages”; ni ukuvuga gushinga intahe umuntu avuga ivyo yabonye canke vyamushikiye ubwiwe.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,*

Turi mu kwezi kwa Nzero umwaka mushasha wa 2021. Dusabe Imana idukure mu mwijima w'urwanko n'ubwicanyi. Dusabe Imana n'Indongozi zose z'igihugu higishwe ukuri mu bantu; ubutungane butsimbare; ikinyoma giharirwe ivomo; indyandya n'ababeshi bahinduke kugira Uburundi bwinjire mw'iterambere n'ubutungane budakumira.

Uyu mwaka wa 2020 watangaje benshi. Aho Umugwi CVR watangura kwerekana abiciwe kw'isoko ya kera yo mu Kamenge; bakongera bagatabwa mu binogo, hari Abarundi n'abanyamahanga bifashe ku munwa, bati: ivyo vyabaye ryari? Ivyo birashoboka mu gihugu kirimwo inzego n'abategetsu?

Ico gihe hari n'abakunda kunuza inkuru; bati: “Arya magufa yatowe, Umugwi CVR wayakuye mw'itongo ry'abapfuye”!

Ivyo vyaravuzwe. Abandi bati: “Arya magufa ni ayo mu 2015”. Abandi bati: “Nta mpuzu yomara imyaka cumi canke irenga igikomeye”!

Mudukundire tubwire Abarundi bose ko twatoye n'ikarata karangamuntu mu binogo zigisomeka neza. Twaratoye amenyo y'inzhabu y'abishwe bagatabwa mu binogo i Mashitsi muri Giheta. Abana b'uyo muntu bagumye bakurikira Umugwi CVR kuva ku Ruvubu muri Shombo. Bati: “Umuvyeyi wacu yari afise amenyo y'amaterano”, bimwe vyitwa “Prothèse dentaire”.

Impuzu n'ibirato vya kera vyari bikomeye cane. N'umuntu yomesa izo mpuzu, akazanikira; akazigorora, zimwe zimwe yozambara; cane cane imipira y'imbeho n'amashati y'abagabo.

Twibutse kandi ko Umugwi CVR utrohewe cane kuko wabaye ugutangura gufurura ibinogo ku Ruvubu, baca batangura kuwagiriza ko ubigize kubera imvo z'amatora. Ariko dushimira Imana ko twashoboye kubandanya igikorwa n'inyuma y'amatora naho bitari vyoroshe.

Mu babivuga bamwe, harimwo abiga bakongera bagatora amabwirizwa y'igihugu. Natwe tuti: “Mbega ko mutanditse mw'ibwirizwa ko amatora ageze Umugwi CVR uzoca wicara muhira?”! Kuva ico gihe haciye haboneka agahengwe.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,*

Uyu mwaka waraye urangiye wadusigiye ivyigwa canke ibibazo bikuru bikuru bine:

(a) **Icigwa ca mbere**

Twasanze Imana yarahagurutse; ibwira Abarundi iti: “Reka kubesha”! Yongera ibabwira iti: “Ivyo Umugwi CVR uriko uratora mu binogo hirya no hino vyarabaye!”. “Vyaba abantu babona; abapfakazi bajumarariwe; impfuyi zidashobora gukorora amosozi; abarongoye amashure yisumbuye barengewe n’ibindi”.

Incuti canke abagenzi bamwe bamwe bagerageje kuvugira abahagaritswe bagiye kwicwa, nabo nyene bahasize agatwe.

(b) **Icigwa ca kabiri**

Nta bwicanyi nabumwe buba mu gihugu atacabona. “Imanga ntimarira Imana”. Imana yama inyegeza umwana canke umutamakazi mw’ishamba canke inyuma y’ingundu y’igitoke bazovuga ivyabaye haciye imyaka; mbere n’ababikora ku mugaragaro usanga babibuka amazina n’amabanga bari bashinzwe.

Bulamatari, Komiseri w’Arrondissement, Musitanteri, Umusirikare mukuru, Uwurongoye ishure yahemutse mugushora abo areze, canke Umukuru w’umutumba, ni abantu bibukwa na benshi iyo bakoze ivyiza canke ibibi. Ivyo twashoboye gutora tukaba twabibwiwe n’abo babibonye.

(c) **Icigwa ca gatatu**

Mbega inguvu n’ubushobozi bwo kuduga tumanuka imisozi turondera ibinogo vyatawemwo abishwe ataco bazira, abakozi b’Umugwi CVR babikura he?

Natwe gushika ubu ntituraronka inyishu y’ico kibazo. Ico twiyumvira tudakekeranya ni uko abasengera igihugu ngo gikire ari benshi. Uburundi bwabuze abenegihugu benshi bazize ubusa. Abo basengera igihugu, ntidukekeranya ko basengera Umugwi CVR kugira ushike ku kuri kubohora abantu, imiryango n’igihugu cose. Ariko kandi reka nshimire n’abagize Umugwi kw’ishaka n’ubwira bakorana ubu butumwa. Baravyitwararika, babikorana urukundo naho uburuhe n’ugushobora guhamuka rimwe na rimwe bitabura.

(d) **Icigwa ca kane**

Mu bwicanyi bwatanguye itariki 29 Ndamukiza mu 1972, hari ikibazo nyamukuru twazanye imbere y’Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka. Naco ni iki: “Bishoboka gute ngo ubwicanyi butangurire mu Rumonge canke i Nyanza-Lac, bukeye mu gihugu cose hagaca haboneka intonde (listes) z’Abarundi bahagarikwa bakajanywa kwicwa no gutabwa mu binogo? Izo ntonde zateguwe ryari? Zateguye nde? Uburyo bwo guhagarika no gushomba abaja kwicwa batabwa mu binogo bwateguwe ryari? Bwateguwe na nde?”

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nkenguzamateka,*

*Banyakubahwa Bashingamateka,
Banyakubahwa Bakenguzamateka,
Banyakubahwa mwese,
Bashingantahe,
Bapfasoni,*

Ivyo bibazo canke ivyo vyigwa uko ari bine ni vyo vyadushikanye ku Mutumba Bukirasazi, Komine Shombo mu Ntara ya Karusi, harya ku ruzi Ruvubu, aho Umugwi CVR umaze gutora no gutegura ibinogo munani vyatawemwo abantu barenga ibihumbi 7348 mu bw'icanyi bwatanguye mw'ijoro rya 29 Ndamukiza 1972.

Muri iryo joro nyene niho uwahoze ari Umwami Karoli Ndizeye ari we Ntare wa gatanu yicwa mw'ikambi ya gisirikare y'i Gitega.

Mu vy'umaze gusoma no gutohoza, abamugandaguye bavugaga ko yari kw'isonga ry'abaje gutera Uburundi no gukura ku butegetsi abariho ico gihe. Ivyo biri mu nyandiko za Reta y'ico gihe; bikavugwa n'iradiyo y'igihugu y'ico gihe (La Voix de la Révolution).

Ikinogo caho Ntare wa gatanu yoba yaratawe gushika uno musu nta muntu n'umwe wo kwizera arahereka Umugwi CVR. Twarakoreye imbere y'ikambi y'i Gitega, turabura; hari abandi batujanye i Tankoma turabura, ariko ubu hari ibarabara ry'ikaburimbi.

Twarumvirije umusirikare mukuru yararongoye Intara ya Gitega ico gihe; twaramwakiriye muri CVR; ariko ntaco yashoboye kutuyagira kubera akitswe n'amagara.

Ibinogo vyo ku Ruvubu muri Komine Shombo ya Karusi vyatweretse ivyigwa mfatakibanza bishika nka bitandatu:

(a) **Icigwa ca mbere**

Ku Ruvubu muri Shombo canke no mu binogo vyatowe muri Komine Giheta, mu Ntara ya Gitega, nk'i Mashitsi, i Nyabunyovu, i Mutobo no ku ruzi Nyambeho hino no hakurya, abahiciwe nka bosa bava muri Karusi, muri Gitega, muri Muramvya, i Mwaro, mu Ruyigi, i Ngozi, mu Kayanza, i Musinga, mu Kirundo, mu Cankuzo cane cane. Ariko hariho n'abafatirwa i Bujumbura canke ahandi bakabadugana kubicira i Gitega cane cane iyo ababadobereje babashize ku rutonde rw'abo bakeneye mu Ntara ya Gitega.

(b) **Icigwa ca kabiri**

Mu binogo vyo ku Ruvubu no muri Giheta, abicwa barahagarikwa ubwa mbere iyo baba canke bakora; bakabarindiriza mu kibanza kimwe citwa "centre de transit"; imiduga ya gisirikare canke y'abadandaza yafashwe n'inzego za Reta ku nguvu (Réquisition) ikabashikana mw'ikambi ya gisirikare i Gitega hakaba isuzumwa ry'intonde z'abafashwe; hanyuma bagatwarwa mw'ibohero rya Gitega, rimwe na rimwe bamwe babanje gucishwa kuri paraki ya Gitega.

Hari n'abafatwa bagapfungirwa mu gasho ka Komine Gitega kari kahari ico gihe. Abo rero barugaranwa, bagaca bacanira ibisate bibisi kugira bicwe n'imyotsi. Bamwe bava mw'ibohero ry'i Gitega batwarwa mu binogo: bamwe baba bamaze gupfa, abandi

bagihema. Mu gupakira mu miduga babajana ku binogo, babanza musi abagihema, hejuru bakabarenzako abapfuye.

Aho mw'ibohero i Gitega, bamwe bicwa n'inkoho; abandi bicwa n'abapfungwa bigishijwe kwica bakoresheje inyundo canke ibindi vyuma bafise nk'imitirimbo; abandi bicwa n'inzara n'inyota canke n'ukubura impwemu kuko babugaranira mu kumba k'imetero imwe kuri santimetero mirongo ibiri barenga cumi, mukwugara bagatsindagira. Ntaburenganzira bwo kuronka amazi, imfungurwa canke izuba bari bafise. Babakurayo benshi bapfuye abandi ari ibiruruma. Abagira Imana babashira mu cumba cagutse twokwita"salle" aribo babo basohora baja kwica.

Vyarashika abafashwe bamwe bagaca mu butungane muri Parquet; ariko inyandiko tumaze kuronka ziva mu butungane bwa gisirikare bw'ico gihe (Conseil de guerre), zereka Umugwi CVR ko atamanza z'ukuri zacibwa. Hari n'abantu bitwa ko baciriwe imanza, bamaze imisi barishwe baratawe mu binogo; barafuriwe n'imashini. Ivyo vyarabaye i Gitega; ivyo vyarabaye hano i Bujumbura. Abacamanza bakukurutse bamaze gutanga inkuru mu Mugwi CVR batubwiyeko izo manza zari inkinamico.

Ku madosiyo nayo yuguruwe muri Parquet, vyaherera iyo nyene bagaca bandika ko dosiye yaheze kubera urupfu rw'uwakurikiranwa ariko ntiberekane ingene yapfuye. Abashikirizamanza barandika n'impapuro zemeza ko umuntu yapfuye; ariko mu mategeko ntibashobora kwandika urwo rukaratasi bitemejwe na muganga.

Bamwe mubafatwa hari abo baca bazana ku binogo atahandi babacishije. Bamwe muri abo rero baza bararirimba bati: "Twese tuzopfa ntawuzorusimba" canke izindi ndirimbo z'Imana.

(c) **Icigwa ca gatatu**

Ivyabona CVR imaze kwumviriza aho muri Gitega n'i Karusi, vyaraduhaye umuco ukwiye ku bahagarikwa bari ku ntonde zateguwe.

Benshi bari abakozi ba Reta nk'abigisha, abihebeye Imana, abanyeshure bo mashure yisumbuye, abacamanza, abasirikare canke abajandarume, abanyagihugu bo ku mitumba bafise ubuzima bwisununuye... n'abafatwa kuko bankana n'umutware ka Naka canke basangiye urudandazwa. Hariho Abatutsi batubwiye muri Gitega bishwe bagerageza kuvugira Abahutu. Hariho n'abihebeye Imana bazize ko bavugiye bagenzi babo b'Abahutu. Haravugwa n'abantu umukuru ka Naka yipfuzaga gukiza agasanga baraye bamwishe.

(d) **Icigwa ca kane**

Imbere yuko imashini ziza gutegura ibinogo bitabwamwo abicwa, abategetsi b'Intwari nka Bulamatari, Musitanteri canke abari mu nzego za gisirikare, baragenda kuraba no gucagura ibibanza vy'amashamba abereye kwakira ivyo binogo. Ivyabona bikiriho vyarabonye neza abo bategetsi ku Ruvubu, i Mashitsi, i Nyabunyovu, i Mutobo no ku ruzi Nyambeho muri Komine Giheta.

Kenshi na kenshi, ibinogo vyimbwa mu masaha icenda y'ijoro gushika isaha cumi na zibiri mu gitondo.

Bamwe mubanyonga ivyo biduga vyimba n'amabeni aza gusesa mu binogo abapfuye canke bagihema buke buke bakiriho, baravuganye n'Umugwi CVR. Uyu musu Umugwi CVR urafise amajwi yabo; urafise amafoto yabo n'ivyo bayagiye Umugwi bagashirako umukono. Ntibatinya kubivuga kuko baremerewe imyaka myinshi n'akabi babonye.

Umushoferi w'Umunyekongo yakora kw'ibarabara rya Giheta muri 1972, yakoreshejwe cane mu binogo vy'i Mashitsi, Mutobo na Nyabunyovu yitwa Jean Pierre yavuye mu Burundi yasaze. Ishirahamwe yakorera rica rimusubiza muri Kongo.

(e) Icigwa ca gatanu

Abapfakazi benshi babuze abagabo mu 1972 baratotejwe; baranyagwa ivyabo mu miryango (imiduga; inzu; inka; iradiyo; amatongo); barafatwa ku nguvu kenshi mbere n'ababiciye abagabo; abandi bakinjirirwa ku nguvu.

Ubu rero hari ikibazo twavanye mu Ntara ya Gitega na Karusi; ariko no mu Rumonge na Makamba Umugwi CVR umaze gukorera incuro ya mbere, hari abana bavyawe n'abagore bafashwe ku nguvu; ugasanga abo bana ntibasangiye ubwoko n'abambere bavutse ku mugabo yishwe.

Ivyo CVR yarabibwiwe cane n'ivyabona n'abapfakazi mu Ntara ya Makamba. Ivyo bitera ingorane zibiri: gusangira itongo rigaca riba rito n'urukundo ruke hagati y'abo bana. Ikndi naco kibabaje cane n'uko abapfakazi bamwe bamwe b'ico gihe, basubiriye kurongorwa ntivyakunze ko basubira kuvyara kubera umubabaro mwinshi bagize; abenshi muri abo wasanga bapfakaye bavyaye rimwe.

(f) Icigwa ca gatandatu

Ibinogo batamwo abishwe ku Ruvubu vyari bicunzwe. Umugwi CVR waravuganye n'abatama babiri bari mubacunze ivyo binogo; barawiganira ingene vyari bitunganijwe; ko igihe cose imbere yuko bazana abo baja gutayo baca babanza kubabwira ngo bakinjire maze bakabagarukana bahejeje. Baja kurindirira kw'ibariyeri yari haruguru y'aho ivyo binogo vyari.

(g) Icigwa c'indwi arico ca nyuma

Ibinogo vyo ku Ruvubu no muri Komine Giheta vyatangaje abantu benshi kuko hamaze gutorwa ibisigarira vy'abishwe bashika ibihumbi indwi. Muri ivyo binogo hatowemwo impuzu, ibirato, ibisigarira vy'isasu, imidali, amashapule, karangamuntu, amagodomoni abika amafaranga, amasaha yitwa Mortima, ivyuma vyahohosha abatawe mu binogo, impuzu ziboneka ko zari iz'abihebeye Imana, imishipi y'igisirikare n'imigozi myinshi ikomeye ya gisirikare babohesha abaje gutabwa mu binogo.

Ibeni zarasuka mu kinogo abambere, imashini ikaza igafurira; hakaza abandi bishwe canke bahema buke buke bagasukayo, imashini ikaza igafurira; vyarashika igasuka gatatu, imashini ikaza igafurira, yongera itsindagira.

Abantu bakuze baca hafi yo ku Ruvubu bavuganye n'Umugwi CVR baribuka umunuko wari muri urya mwonga wa Ruvubu; kuko ba bantu batsindagiwe n'imashini baravyimba, bakabora, hanyuma inyo zikisesa hejuru.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka mwese,
Banyakubahwa Bakenguzamateka mwese,*

Ukwo kuri Umugwi CVR uriko urabwira Abarundi n'amakungu, abakiri bato barakwiye kukumenya; n'abakuze benshi hari ivyo batamenye kuko ababikora ico gihe babigize akamizwe n'ingoma.

Umugwi CVR uripfuzwa kumenyeshya kandi Abarundi ko hari n'abantu bishwe bagatabwa mu nzuzi no mu mashamba. Twaratohoje neza turamenya ko hari n'abishwe mu 1973, Reta yaramaze kuvuga ko impore yabonetse mu gihugu cose. Abanyegurutse bamaze umwaka urenga binyegeje benshi ntibaraye. Barafashwe baricwa; ivyo vyabaye mu ntara z'igihugu zitari nke. Hari n'abishwe bazira ko babonye ivyabaye ("les témoins gênants").

Twavuze ko ku Ruvubu no mu binogo vyo muri Komine Giheta hiciwe abantu bavuye mu mice myinshi y'igihugu twamaze kudondangura.

Birakenewe ko Umugwi CVR uronka uburyo bwo kwegera abapfakazi n'impfuyi boba bakiriho n'ibindi vyabona bishoboka kugira ushobore kubabaza ivyo bazi kuko i Gitega harabayeho ubwicanyi busiga ubwenge.

Abanyeshure bamwe bahagarikwa batanzwe n'abarezi; abasirikare canke abajandarume b'ico gihe bakoranye n'abarongoye Intara canke Komine babasanga mu ndaro aho baja kubitorera, bakaburiza imiduga. Ba Musitanteri b'Ikomine zegukira Gitega baravuzwe cane muri ubwo bwicanyi; Abakomiseri ba Arrondissement. Mu Makomine agize Gitega, abantu benshi bahagarikwa n'urwaruka rwita JRR ico gihe. Ico gihe caranzira gutereka ubwanwa, bagufashe wicwa mu bandi kuko bakwagiriza ko ugomba gusubirira umukuru w'igihugu. Aho i Gitega, abahutu n'abatutsi Umugwi CVR umaze kumviriza nka bese baravugaga ko Bulamatari w'Umusivile waho ko atari yoroshe. Ubu ntakiriho; yaramaze kwitaba Imana.

Ikindi Abarundi bomenya gitangaje ni uko muri ba ba JRR bahagaritse abandi babajana kw'Ikomine canke kuri Arrondissement, harimwo abatagaruka; ivyo cane cane vyari bifatiye ku vy'ubwoko.

Ivyo bigasa n'ivy'abanyororo bahohosha abicwa mw'ibohero ry'i Gitega; mu mperuka benshi muri bo baruhiye kwicwa, bamaze amayinga bica bongera baherekeza imiduga igiye gusesa mu binogo abishwe bava mw'ibohero rya Gitega.

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,*

Ukuri Umugwi CVR uriko urashira ahabona kurateye ubwoba; ariko ibikorwa igihugu cashinze uyu Mugwi ntibigamije guteranya Abarundi nk’uko bamwe bivugira ngo: “Turiko turazura akaboze”.

Ukuri kuriko kurasohoka mu binogo kurahumura; kurakiza kandi kurabohora. Ubutumwa bwa CVR ni ubwo gukiza imitima yakomeretse; ni umwanya wokurira kuko carazira kuririra abo Reta yari yise “Abamenja”. Carazira kugandara; kuko bavuga ko abishwe bese ari abamenja; ko bariye amafaranga ya Ntare wa gatanu n’abazungu; abandi nabo bakagirizwa ko banyurujye itunga ry’igihugu.

Ukuri kwigisha abariho n’abazovuka kwubaha ubuzima bwa kiremwa muntu: nta gihugu na kimwe abari mu bwoko ubu canke buriya bashobora kuba abamenja canke abagarariri bese. Nk’uko ata bwoko bwica; hica umuntu canke abantu.

Icagoye Uburundi bwacu mu myaka iheze ni ugufata ibintu ikivunga (globalisation) ngo “Abahutu ni abicanyi”; ngo “Abatutsi ni abicanyi”. Iyo ngendo tuyihebe kuko niyo yatumye Uburundi butabohoka; abakoze ibibi canke ubwicanyi bakinyegeza inyuma y’ubwoko bwabo kugira bitwe intungane. Hari n’abasangiye ubwoko bashatse gukingiranira mu ntumbero yo guhagararira ubwoko.

Ukuri Umugwi CVR ushinze gutohoza ni uko kubohoza imiryango; abana ntibitirirwe ivyo batakoze; ivyo batabonye; abapfasoni ntibazire ivyo abagabo babo bakoze. Ukuri CVR iriko iratohoza ni uko kwibutsa Abarundi bese n’amakungu ko abatawe mu binogo batiyishe; ko batitaye mu binogo, bongere bifurire.

Ukwo kuri ni ko guzofasha Abarundi b’ubwoko bwose kwubahana; kuvuga ukuri; no gushinga inkingi zo kunywanisha abasangiye igihugu. Ububeshi “ngurukiramakungu” bugabanuke mu gihugu; umutima w’uburyarya uhinduke. Kandi birashoboka; twebwe mu Mugwi CVR turavyizewe.

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa mwese,*

Twavuze ivyo twabonye n’ivyo twumvise mu karere ka Gitega duhereye ku Ruvubu muri Shombo (Intara ya Karusi) gushika muri Komine Giheta (Intara ya Gitega).

Umugwi CVR warakoreye mu Ntara zo mu bumanuko cane cane mu Rumonge no muri Makamba. Twahumviye vyinshi bitandukanye kandi vyisa.

Mu kiyaya ca Rumonge na Nyanza-Lac, abo twaganiriye baratubwiye abateye kuri irya tariki ya 29 Ndamukiza 1972 bitwa “Mayi Mulele”. Hariho abatubwira ko harimwo Abanyekongo n’Abarundi bigishijwe bakica bagatongora aho babonye Umututsi; hari abatubwira ko bari Abarundi b’Abahutu ngo bari bambaye ivyatsi ku mutwe; hari abatubwira ngo barica indasago kugira insoro z’abasirikare b’igihugu ntizibafate; hari abatubwiye ko bamaze iyinga bica cane cane muri Komine Vugizo na Rumonge ata musoda w’igihugu n’umwe arahashika gutabara; hari abatubwiye ko n’abatutsi bamwe bamwe bambaye ivyatsi ku nguvu kugira bafashe ba “Mayi Mulele” kwica.

Inzo nkuru zose twaronse zerekanye ko hari abategetsi b'intwaro na gisirikare bari mu karere ka Rumonge guhumuriza abenegihugu kuko havugwako Reta ya Michel Micombero yari ifise inkuru zerekana ko igihugu cegerejewe guterwa.

Mu karere ka Rumonge, hariho n'umupira w'amaguru wari wateguwe; mu Ntara zimwe z'igihugu ngo hari hateguwe intambo zo mw'ijoro bita "Soirées dansantes". No mu gisagara ca Bujumbura ngo kwari uko.

Twibutse Abarundi ko Umukuru w'igihugu w'ico gihe yakombye Reta yose itariki 29 Ndamukiza 1972; hanyuma Intara zikarongorwa na ba Bulamatari b'abasirikare.

Abatwara amakomine agize Bururi ico gihe bamwe baracariho; abandi baritavye Imana. Mu bakiriho, hariho abo tumaze kwakira muri CVR.

Mu Mugwi CVR tubona ko ukuri kwerekeye ba "Mayi Mulele" turiko turagukabakaba bukebuke kuko mu matohoza tugeze ko, ba "Mulele" bagaragaye mu Ntara z'ubumanuko batigeze baboneka mu Ntara zo hagati CVR imaze gukoreramwo.

Tubivuga dushimitse kuko dufise amajwi n'amafoto y'Abarundi bakoze canke bakoreshejwe bitwa ba "Mayi Mulele" mu Ntara z'ubumanuko.

Abo ba "Mayi Mulele" mwumva bavugwa mu Ntara y'ubumanuko, no muri Gitega/Karusi baravuzweyo. Ariko abo Umugwi CVR waganirije muri izo Ntara zibiri (Karusi na Gitega), nta numwe yemeza ko abo bantu bigeze babaho. Icavuzweyo cavugwa n'abategetsi; ariko mu banyagihugu bababwira ngo ni "ubukoko" buguruka bwitwa "Mulele" bwateye!

Abo banyagihugu twafashe amajwi babwiye Umugwi CVR ko basanze ubwo bukoko "Mulele" bari Abahutu.

Ikindi twobwira Abarundi ni uko Pierre Mulele yari Umushikiranangaji w'indero kuri Patrice Lumumba muri Kongo. Yashinze umurwi urwana witwa "Simba" ashaka kurwanira intwaro yari yatowe n'abanyagihugu. Umuntu yari ashinzwe ingabo ziwe igihe yagwana yitwa Gaston Soumialot. Kandi uwo Gaston Soumialot yarabaye imisi itari mike i Bujumbura, yakiriwe neza n'inzego zirongoye igihugu.

Twaratohoje, turamenya ko hari Umushikiranangaji wa Reta ya Micombero yagize imibonano myishi na Pierre Mulele; uwo Mushikiranangaji kandi yaramaze imisi itari mike i Bruxelles mu Bubiligi aba muri hoteli imwe n'uwahoze ari Umwami Ntare wa gatanu.

Ikindi Umugwi CVR umaze kumva ugitohoza neza ni Inama Nshikiranangaji yarongowe na Prezida Micombero itariki 28 Ndamukiza 1972. Muri iyo Nama havugwa ko bavuganye ikibazo c'ico bokoza Ntare wa gatanu: abashikiranangaji boba batagihurijeko. Niho bukeye, Prezida Micombero yakura Reta yiwe yose. Ku mugoroba Uburundi buca bwinjira mu mwijima w'ubwicanyi.

Abasirikare bavuye muri Kongo baje gufasha kurwanya abitwa ba "Mulele" bateye Uburundi ntibatevye mu gihugu; Reta ya Kongo yacyiye ibahamagara basubira iwabo.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,*

Umugwi CVR uracatohozo ingene abiswe “Mulele” botera mu kiyaya ca Rumonge na Nyanza-Lac, abandi bakaduga i Vugizo, hagahera iyinga ryose abasirikare bataratabara! Ikindi Umugwi CVR ugitohoza ni ingene hoterwa mu Rumonge canke Nyanza-Lac, iryo joro nyene abantu bari ku ntonde (listes) bagaca batangura guhagarikwa bicwa mu gihugu cose. Hanyuma ubwicanyi butanguriye mu Rumonge na Nyanza-Lac bugaca budomeka igihugu cose; kandi biboneka ko abahagarika bakica abantu baba baserukira inzego z’intwari na gisirikare!

Ikindi giteye amakenga Umugwi CVR umaze gutohozo ni ukuntu uwari ajejwe intara ya Bururi yamenyesheje Reta ko hari ibiriko birategurwa bitari vyiza ku Mugara, muri Rumonge; aranasaba n’uruhusha kugira ngo basake aho hantu ariko bararumwima, ukwezi kwose kurahera.

Ng’ivyo rero ivyanyegejwe Abarundi imyaka myinshi Umugwi CVR uriko uratohozo ku buhinga bwimbitse. Abarundi barakeneye kwumva no kumenya ingene umwana yiga mu mashure yisumbuye yokwitwa umumenja ugasanga yishwe akurikira Se wiwe, Sewabo canke bashikiwe na benewabo bize canke b’adandaza.

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,*

Kuva Umugwi CVR ugiye gukorera mu Rumonge no mu Ntara ya Makamba, abakozi b’uyu Mugwi bahakuye ivyigwa bitanu bishasha:

- **Icigwa ca mbere**

Mu kiyaya ca Rumonge na Nyanza-Lac hari abishwe batabwa mu binogo; abandi mu mirima y’ibigazi n’amashamba; hari abatawe muri Tanganyika, mu nzuzi nka Murembwe n’abandi batabwa ku nkengera z’ikiyaga Tanganyika batwawe n’amazi.

- **Icigwa ca kabiri**

Ibinogo vyinshi Umugwi CVR umaze kumenya no gutegura mu kiyaya ca Rumonge na Nyanza-Lac vyabonetse hafi y’amashengero, cane cane amashengero ya Pentecôte. Muri ivyo binogo, hatawemwo abakiristu benshi n’abapasitori babo. N’amazina y’abari muri ivyo binogo usanga amwamwe ababanyu bakiyibuka.

- **Icigwa ca gatatu**

Mu kiyaya ca Rumonge na Nyanza-Lac, harishwe n’abatutsi batari bake iyinga rya mbere ubwicanyi butanguye.

Ubwicanyi bwakurikiye bwahitanye abahutu benshi bo mu kiyaya; abicwa ubwa mbere bari abadandaza bafise ibintu; kandi haramanutse n’abanyagihugu bava mu misozi baje kwica no gusahura urukombamazi mu Rumonge na Nyanza-Lac. Abo banyagihugu bakorana n’inzego z’intwari n’izagisirikare mu kwica.

Hari ikinogo catangaje benshi Umugwi CVR wateguye mu bitaro bikuru vya Rumonge; havuyemwo ibisigarira vy'abishwe barenga 400. Hari ikinogo catowe mw'isoko yo mu Minago; abiciweho bagatabwa mu kinogo basutsweko essence baraturirwa; amagufa yabo twasanze yarazigiye kandi yirabura. Hari ibinogo twatoye muri Buruhukiro; hafi y'amashuha i Mugara n'ahandi nk'i Mutambara. Ayo makuru yose tuyahabwa n'abacitse kw'icumu; abapfakazi, impfuyi n'abanyagihugu batandukanye bipfuza ukuri kubohora igihugu n'imiryango. Twaraganiriye n'umukenyezi yarokotse ava mu kinogo kiri mw'ishirahamwe Savonor ryo mu Rumonge. Ico kinogo barakitweretse; Umugwi CVR uzogitegura uno mwaka.

- **Icigwa ca kane**

Muri Rumonge canke muri Makamba, abategetsi mu Ntwaro na gisirikare baradomwako urutoke cane n'abapfakazi n'impfuyi mu bwicanyi bwahekuye imiryango. Ba Musitanteri baravuzwe cane mu bikorwa vyo guhagarika abicwa, vyo gusahura ubutunzi bw'abapfakazi no gufata ku nguvu abakobwa canke abapfakazi.

- **Icigwa ca nyuma arico ca gatanu**

Abategetsi baserukira Intwaro canke igisirikare bese baje n'indege, abanyagihugu barabibuka. Haba mu Minago, haba muri Vugizo i Makamba canke i Mabanda no muri Kayogoro, haravugwa indege z'abategetsi bakuru bahaca, ibara rigaca rigwa. Kuri Paruwasi ya Minago mu Rumonge, abategetsi bazaniye imfashanyo abahungiyeyo; bukeye bese batabwa mu binogo barafurirwa. Muri Komine Kayogoro, indege kajugujugu yarahwikiriye abahunga baja muri Tanzaniya, imaze kubegeranya neza bese ica irabarasa. Abahazi neza bahita ku Musebeyi. Aho Umugwi CVR warahakoreye; amagufa y'abishwe atatwawe n'inkukura menshi usanga aboneka muri ico kimanga.

Mu ncamake rero, ibinogo vyatawemwo abishwe muri Makamba bimaze gufururwa bishika kuri 34, bikaba vyavuyemwo ibisigarira vy'abishwe bashika ku 1680. Ivyo binogo biratandukanye n'ibinogo vyo muri Gitega kuko vyinshi vyimbwa n'abantu.

Muri Makamba, usanga abatawe mu binogo bava mu muryango umwe, abagore n'abana ntibabagera umutwe; abantu barabibuka n'amazina; baribuka uwabahagaritse n'ingene bahagaritswe.

Muri Komine Vugizo, ahitwa Gikuzi, haguye abantu benshi bahamagawe mu nama y'amahoro; bashitaho bava mu mitumba ishika 20, baca babacamwo imirwi: abahutu ukwabo; abatutsi bagataha. Umugwi CVR waravuganye na Musitanteri yahatwara ico gihe kugira twumve ukuri kwiwe. Aho Gikuzi, Umugwi CVR umaze kuhatora ibinogo 8 vyavuyemwo ibisigarira vy'abishwe 592.

Ibinogo vyo muri Komine Makamba canke Mabanda birasanzaye mu mashamba, mu mirima, hafi y'inzira n'amabarabara. Mugutora ivyo binogo biroroha cane kuko tuvuyerekwaga n'abanyagihugu bavuyimye bakoreshejwe n'abategetsi b'ico gihe. Ivyo vyarabaye ahitwa Munonotsi muri Komine Makamba. Kandi muri ako karere, ibinogo vyimbwa n'amaboko y'abantu. Muri Gitega, hakoreshwa imashini; zimba zikongera zigafurira.

Mu majambo make, Uburundi bwarakomeretse. Imiryango myinshi yabayeho mu maganya n'akabonge kenshi. Hari abari bahungiyeye muri Kongo canke Tanzaniya bahungutse vuba; nibo batubwira amagorwa babonye mu 1972.

Uyu musu aho Umugwi ugeze ntiwovuga ngo tugiterwa ubwoba n'amagufa tuvana mu binogo; ariko ibiteye ubwoba cane abakozi ba CVR ubu, ni ivyo abapfakazi n'impfuyi batubwira. Bimwe birasiga ubwenge nk'abakenyezi bafatwa ku nguvu n'abategetsu babiciye abagabo ku murango; canke abakenyezi baryamana n'abafashe abagabo babo kugira barabe ko borekurwa. Ibindi Umugwi CVR nta majambo ufise wo kubisigura!

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka mwese,
Banyakubahwa Bakenguzamateka mwese,*

Umugwi CVR mwawushinze ubutumwa buhambaye; buremereye; ariko bukenewe cane kugira igihugu kironke amahoro.

Ku Barundi bese n'abagenzi b'Uburundi bipfuzaga ko igihugu cacu gikira kandi kibohoka, uyu Mugwi usavuye gushigikirwa mu buryo bwose bushoboka kugira abakiri bato n'abazovuka bamenye ivyakomerekeje igihugu n'imiryango. Kugira abariho uno musu n'abazovuka bamenye ububegito, ubwicanyi n'intwari mbi vyazingamitse Uburundi bwacu.

Ivyo bizofasha Abarundi bese kuririmba ubumwe bivuye ku mutima; guhayagiza urukundo mu bantu atari ivyo agahemo; gusangira akabisi n'agahiye mu bihe vyiza na bibi igihugu gicamwo.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,*

Nk'uko muvuyumva, ubutumwa buraremereye; ariko Imana, inzego z'igihugu n'Abarundi bese bashigikiye uyu Mugwi CVR isemo ishimishije izoboneka.

Ibihambaye twobwira mwebwe mwatowe guserukira abenegihugu ni bibiri:

(1) Ica mbere

Abashikiye n'ubwicanyi bw'izinguzungu bwabaye mu Burundi ni imiryango itandukanye, iva mu Ntara zose. Nico gituma umuti witwa "ukuri" ukwiye kunyobwa n'Abarundi bonyene. Tukabona aho twacumuye ku Mana no kuri bene wacu.

(2) Ica kabiri

Ica kabiri twosaba mwebwe mwatowe ko mwodufasha guhimiriza ababatoye, bazi kandi babonye ivyabaye kugira Umugwi CVR ushobore kumurika no kumurikira ukuri gufasha Abarundi gushinga inkingi zo kunywanisha Abarundi bese bari hamwe. Abo babatoye boterera biboneka mukubwira Umugwi CVR aho bazi hari ibinogo vyatawemwo inzirakarengane.

(3) Ica gatatu

Umugwi CVR urakeneye gushigikirwa mu buryo bwo gukora no kwiunguruza ndetse no mu buryo mvamakungu kuko hariho vyinshi tuzokenera inyuma y'igihugu. Turakengurukiye inzego zirongoye igihugu ku mibonano itandukanye twagiriraniye, twizeye ko ivyo twayaze babifashe nkama kandi ko bazodufasha bikaja mu ngiro.

Turakengurukiye abenegihugu, abamenyeshamakuru n'abandi bantu bose banye badushigikira muri ubu butumwa.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,*

Kuvuga menshi siko kuyamara.

Uyu mwaka waraye utanguye, Umugwi CVR uzosubira ukorere mu Ntara ya Rumonge na Makamba ubwa kabiri; kuko n'ubu hirigwa haratorwa ibindi binogo bishasha cane cane muri Komine Mabanda.

Umugwi CVR uzoca wimukira i Matana, mu Rutovu, i Kiremba ca Bururi ahapfiriye abigisha n'abanyeshure benshi mu 1972; tutibagiye kw'ibohero rya Bururi n'ahitwa Muzenga muri Bururi nyene. Turasavye Abanyabururi bitegure neza; bazohe umuco Umugwi CVR ufatiye ku vyo bazi canke babonye.

Muri uyu mwaka waraye utanguye kandi Umugwi CVR wipfuzaga gukorera mu Cankuzo mw'ishamba rya Ruvubu (Parc de la Ruvubu): hari ibinogo bizwi na benshi. Tuzoba turiko twegera igisagara ca Muyinga. Naho nyene hari ibinogo vyatawemwo abishwe Umugwi CVR umaze kuhatohoza.

Ibikorwa ni vyinshi. Tuzogaruka hano mu gisagara ca Bujumbura; ahavugwa amakuru menshi y'ibinogo ahitwa Buterere no mu micungararo y'ikibuga c'indege ca Bujumbura. Ariko tubamenyeshe ko ibinogo vyose tudashobora kubikorera, hari ivyo tudashobora kumenya, hari ivyasambuwe, hari ivyubatsweko amazu.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,*

Uyu mwaka waraye utanguye Umugwi CVR uzokwegera inzego zitanga uburyo bw'amafaranga kuko uyu Mugwi uracafise ubukene bw'abakozi nkenerwa: tuzokenera abahinga batwigira ivyabaye kera ("Les historiens"); tuzokenera ivyuma bidufasha kurondera mu buhinga bugezweho inkuru z'ivyabaye ku mutumba no muri karitiye (kimwe twita « Logiciel ODK » ikorana na « GPS ») hamwe ibitohojwe ku mutumba canke muri karitiye bishika bunu nyene mu vyuma nyabwonko (« Serveurs ») ku cicaro ca CVR i Bujumbura. Ico gihe tuzoba twaronse abakozi bita « enquêteurs » bakwiragiye mu mitumba no muri karitiye mu gihugu cose.

Ubwo buhinga bwa “Logiciel ODK” buzofasha cane muri ya “Campagne nationale” canke isekeza dutohoza ivyabaye mu gihugu cose.

Tuzokenera kandi abahinga bafise uburambe mu vy’imanza n’ubutungane (« Experts juristes »), batwigira imanza zimwe zaciwe zihonyanga amategeko n’agateka ka zina muntu.

Tuzogerageza kandi gutunganya ibiganiro hagati mu gihugu bihuza CVR n’abapfakazi n’impfuyi z’ababuze ababo mu 1972 twongere tuyage n’abandi bose bashobora kugira ico badushikiriza kuvyabaye muri ico kiringo. Ivyo bizodufasha kumenya neza ingene dutegura gutohoza ku vyerekeye ubwicanyi bwakurikiye (1988 na 1993).

Tuzotunganya ibiganiro bihuza Abashingamatekana n’Abakengukenguzamateka, ba Buramatari, ba Musitanteri, abaserukira imigambwe yemewe n’amategeko, amahuriro y’urwaruka n’ay’abakenyezi n’abandi batowe mu nzego zitwara igihugu kugira tubashikirize ivyo turiko turakora, twungurane ubumenyi.

Turipfuzza kandi kuyaga n’abo mu bushikiranganji bumwe bumwe twipfuzza kuzokorana cane.

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Shingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nkenguzamateka,*

Mu kurangiza rino jambo, twagira tubamenyeshe ibi bikurikira:

- 1) Iki cegeranyo tubashikirije uno musi ni icegeranyo mfatakibanza kuko turacariko turabandanya amatohoza.
- 2) Twobamenyesha mwebwe muserukira abandi ko ibikorwa twagiye turakora vyatweretse yuko turi mu gihugu cakomeretse cane. Abantu bafise ibikomere vyinshi bakenyereyeko. Nivyiza yuko mumenya abo muserukira abo aribo n’ingene mwobatanganiriza.
Barakeneye kwegerwa cane bagasubizwa iteka muntu batswe; bagahozwa amarira yasesekeye mu mutima. Hari benshi iyo tuberetse birya bisigarira canke turiko turabumviriza batubwira ko ariho bagitangura ikigandar; abenshi bararira.

Nk’abaserukira abandi, mwogerageza no gutunganya ibiganiro bihuza abanyazwe n’ababanyaze kugira haboneke inzira nziza yogusubizanya bitiriwe biraca mu masentare, kuko benshi batubwira bati: ntimushobora kutunywanisha tutarasubizwa ivyacu vyasahuwe; kuko ababashuye barabazi kandi baracababona.

- 3) Umuhivu wungira ubumwe Abarundi waratabaguritse; kuwunga rero ni igikorwa ca twese Abarundi. Ntihagire n’umwe yokwigira sindabibazwa mu gikorwa co kurondera ukuri no kunywanisha Abarundi. Twese biraturaba kugirango dushobore gutegura kazoza keza k’igihugu cacu n’akabana bacu.

*Nyeniteka Umukuru w’Inama Nshingamateka,
Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy’Inama Nkenguzamateka,*

*Banyakubahwa Bashingamateka mwese,
Banyakubahwa Bakenguzamateka mwese,*

Yaba bishoboka uyu Mugwi wosaba vyinshi kandi woshikiriza ivyipfuzo vyinshi. Ariko ng'ibi bikurubikuru Umugwi CVR wipfuye gusaba abatowe n'abenegihugu:

(a) Ica mbere

Mu ntumbero yo gusubiza iteka runtu abarikuweko mu 1972, Umugwi CVR urasaba inzego zibijewe ko zotora itegeko rija mu ntumbero yo kumenjura abiswe abamenja gutyo ico ceyi bambitswe kikabavako.

(b) Ica kabiri

Kuberako mugihe c'amagume yabaye mu 1972 babuza abantu kurira, kugandara no gukora iyindi migirwa yose ijanye n'ukubura uwawe, Reta yoshinga umusi w'ukwibukirako abagandaguwe wohuza bose, maze abantu bakaronka akaryo ko kugandara n'ukurira.

(c) Ica gatatu

Reta y'Uburundi yohamagarira abatarashobora kuganduka gukora uwo mugirwa, kugirango bamarirwe kubabo.

(d) Ica kane arico ca nyuma dusaba inzego mu vyo tubona vyihuta.

Kuberako mu matohoza tumaze kugira twasanze Reta yariho ico gihe yaragize uruhara mw'igandagurwa ry'abo yari ijewe gukingira, Reta ihari uno musi yofata akanya ko gusaba ikigongwe imiryango yose yahekuwe ababo muri kiriya gihe.

*Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka,
Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka mwese,
Banyakubahwa Bakenguzamateka mwese,*

Ijambo nkiri rivugiwe mu Ngoro y'Amakoraniro mu Kigobe, sinokubahuka kurisozera nshikiriza ingorane Umugwi ufise; nyishi murazizi. Ariko nova ngaha ntashikirije na zine mu ngorane, abo dusangiye ubutumwa ejo aho bukera nta numwe yosubira kundamutsa!

Ingorane ya mbere : Uburuhe budasanze bivanye na kamere y'igikorwa dukora.

Ingorane ya kabiri : Uburyo bwo gukora budakwiye bigatuma tudashobora gukora nk'uko tuvuyipfuzza.

Ingorane ya gatatu : Kubura ibibanza vyiza vyo kubikamwo ivy'imfatakibanza ibisigarira twegeranya aho dutoye ibinogo vyatawemwo abishwe.

Ingorane ya nyuma : Turafise ubukene bw'abakozi badakwiye, bigatuma tudatera imbere ku rugero twipfuzza.

Ngayo amajambo makuru natumwe n'abo dusangiye ubutumwa. Ng'ivyo ivyiyumviro bikuru dushikirije Abarundi n'abagenzi b'Uburundi muri uru rugendo ruhambaye rwo gutohoza ukuri kunywanisha abonse rimwe.

TURONDERE UKURI!

TUMENYE UKURI!

TUVUGE UKURI!

UKURI GUKIZA; UKURI KUBOHORA; UKURI KUZOTUGIRA ABIDEGEMVYA.

IMANA IBAHEZAGIRE KANDI IHEZAGIRE UBURUNDI BWACU.

MURAKOZE CANE.
